



Pou Piblikasyon Imedya: 19/02/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAT BRAVO POU APWOBASYON FINANSMAN PACB A POU AVANSE DEVLOPMAN ANSYEN PRIZON KOREKSYONÈL LINCOLN LA NAN MANHATTAN

Vòt la make yon gwo etap enpòtan nan direksyon transfòmasyon etablisman koreksyonèl Harlem ki vid la an 105 inite abòdab pou moun k ap vin pwopriyetè kay ak espas etablisman kominotè

*Yo apwouve plis pase 28 milyon dola nan finansman eta pou sipòte prèske 100 milyon dola nan investisman nan Harlem
Konstwi sou efò Gouvènè Hochul pou konstwi plis lojman sou tè eta ki pa itilize ase yo*

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te bat bravo pou vòt Komisyon Kontwòl Otorite Piblik (Public Authorities Control Board, PACB) pou apwouve yon kad finansye pou avanse redevlopman ansyen Sant Koreksyonèl Lincoln la nan Manhattan. Vòt la make yon gwo pa nan direksyon pou reyalize redevlopman an, ki pral transfòme etablisman koreksyonèl ki te vid depi lontan nan 31-33 West 110th Street nan Harlem an yon nouvo bilding 22 etaj, pou itilizasyon miks, ki gen ladan l jiska 105 inite pwopriyetè kay ki gen restriksyon sou revni ak espas enstalasyon kominotè nan redchose a — ki reprezante yon investisman prèske 100 milyon dola nan kominote Harlem an.

"Nouyòkè yo atravè eta nou an ap fè fas ak yon kriz lojman abòdab e pou nou rive fè fas ak defi sa a, sa mande aksyon solid ak itilizasyon kreyatif tout resous ki disponib yo. Apwobasyon jodi a pèmèt nou vin pi pre pou transfòme yon etablisman koreksyonèl ki te vid depi lontan nan kè Harlem an nouvo opòtinite pou vin pwopriyetè kay abòdab, espas kominotè, ak investisman dirab nan katye a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou re-itilize pwopriyete eta ki pa itilize ase yo, n ap ogmante rezèv lojman, sipòte travay ki byen peye, epi asire ke fanmi yo gen chans non sèlman pou yo viv nan Nouyòk, men tou pou yo bati estabilite ak opòtinite jenerasyonèl isit la."

Prezidan, Direktè Egzektif Jeneral, ak Komisè Empire State Development, Hope Knight, te deklare, "Apwobasyon PACB jodi a se yon pa enpòtan pou pwojè istorik sa a. Dirije pa yon ekip devlopman ki majorite posede pa minorite, redevlopman ansyen Sant Koreksyonèl Lincoln la demontre kijan devlopman ekonomik ekitab ye an pratik — li bay yon investisman prèske 100 milyon dola, plizyè santèn djòb, ak yon nouvo chemen pou fanmi Harlem yo bati richès jenerasyonèl."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Apwobasyon PACB a reprezante yon etap enpòtan nan direksyon transfòmasyon ansyen Sant Koreksyonèl Lincoln la an lojman tou nèf pou kominote Harlem nan. Lè nou bay plis pase 28 milyon dola nan men eta a, n ap kreye 105 opòtinite pou moun vin pwopriyetè kay abòdab sou West 110th Street, sa ki pral ede moun bati ekite ak establiite alontèm. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, n ap re-imagine pwopriyete eta ki pa te itilize ase, n ap elaji opòtinite pou vin pwopriyetè kay epi n ap fè pwogrè nan ajanda li an tèm lojman. Pwojè sa a reflekte angajman nou pou nou bay solisyon lojman ki anbisyè e ki byen anrasinen nan priyorite kominote a."

Majistra Adjwen Vil Nouyòk pou Lojman ak Planifikasyon, Leila Bozorg, te deklare, "Mwen kontan wè redevlopman Sant Koreksyonèl Lincoln la rive nan etap enpòtan sa a, epi mwen rekonesan pou sipò Gouvènè a ak PACB a pou lojman ak espas kominotè sou sit sa a. Pwojè sa a pral bay opòtinite pou vin pwopriyetè abòdab, bon travay, ak nouvo espas pou enstalasyon kominotè ki pral benefisye rezidan Harlem yo ak tout Nouyòkè yo pou plizyè ane k ap vini yo."

Komisè Prezèvasyon ak Devlopman Lojman Vil Nouyòk, Dina Levy, te deklare, "Nou kontan anpil ke apre twò lontan bilding sa a p ap rete vid -- defini pa konfinman -- epi okontrè, l ap transfòme an yon opòtinite enpòtan pou kominote a. Jodi a, n ap fè l avanse kòm yon chemen ki mennen nan aksè ak pwopriyete, opòtinite, ak establiite pou plizyè jenerasyon pou fanmi Harlem yo. N ap kreye plis pase 100 opòtinite pou fanmi Harlem yo vin pwopriyetè kay abòdab grasa redevlopman sa a ki koute prèske 100 milyon dola nan ansyen Sant Koreksyonèl Lincoln lan — k ap transfòme yon sit ki te vid depi lontan an yon fondasyon pou establiite dirab ak investisman alontèm nan katye a. Pwojè sa a te pran plizyè ane pou li fèt, depi lè m te nan Eta a, epi li vrèman enpòtan pou wè li finalman avanse epi kenbe yon pwomès li te fè kominote a."

Prezidan minisipalite Manhattan, Brad Hoylman-Sigal, te deklare, "Apwobasyon Komisyon Kontwòl Otorite Piblik yo jodi a make yon pa enpòtan pou reyalizasyon redevlopman ansyen sit Sant Koreksyonèl Lincoln la, yon pwojè moun t ap tann depi byen lontan. Mwen remèsye manm Konsèy Administrasyon an ak Gouvènè Hochul pou patenarya kontinyèl yo nan avanse yon plan byen panse ki pral transfòme yon pwopriyete ki te vid depi lontan an jiska 105 opòtinite pou vin pwopriyetè kay ak restriksyon sou revni ak nouvo espas enstalasyon kominotè pou Harlem. Nan yon moman kote Manhattan ap fè fas ak yon kriz grav kote lojman abòdab, pwojè tankou sa a demontre kijan investisman piblik estratejik — prèske 100 milyon dola nan ka sa a — ka ede elaji aksè a lojman ki estab tout pandan y ap ranfòse katye ki antoure a. Mwen pa ka tann pou m kontinye travay ak patnè nou yo pou asire devlopman sa a pote benefis dirab pou kominote Harlem nan."

Manm Asanble Eddie Gibbs, te deklare, "Apwobasyon PACB jodi a pou Redevlopman Koreksyonèl Lincoln nan montre pouvwa pèp la. Sa gen kèk mwa, pa t gen yon sèl inite ki te disponib pou moun ki t ap touche mwens pase 80% nan AMI an. Kounye a, yo mete sou kote 30% nan inite pou 40 pousan ak 60 pousan AMI, sa ki bay

rezidan East Harlem yo yon chans reyèl pou achte pwopriyete toupre Central Park. Mèsi a tout manm kominote a ki te patisipe nan konferans pou laprès yo, ki te fè apèl, epi ki te prezan nan odyans piblik yo pou fè tandè vwa yo. Viktwa sa a se pou kominote a e pa kominote a, epi mwen fyè dèske mwen se reprezantan nou eli nan batay sa a."

Manm Konsèy Vil Nouyòk, Yuseef Salaam, te deklare, "Apwobasyon Komisyon Kontwòl Otorite Piblik yo jodi a make yon etap enpòtan pou lavni sit Sant Koreksyonèl Lincoln Inan ak pou kominote Harlem lan antanke yon antye. Pandan twò lontan, sit sa a te vid. Avèk aksyon sa a, n ap pran yon gwo pa nan direksyon pou transfòme li an yon devlopman 22 etaj pou itilizasyon miks ki vibran epi ki pral bay jiska 105 inite kay pou moun ki gen restriksyon sou revni ak nouvo espas enstalasyon kominotè nan redchouse a. Investisman prèske 100 milyon dola sa a pa sèlman reprezante yon building, men tou opòtinite — elaji pwopriyete kay abòdab, ranfòse enstitisyon lokal yo, epi pote yon nouvo enèji nan katye a."

Vòt PACB a apwouve apeprè 18.7 milyon dola nan kapital lojman sosyal ki soti nan Pwogram Opòtinite pou vin Pwopriyete Kay Abòdab (Affordable Homeownership Opportunity Program) Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta Nouyòk la. Pwojè a pral resevwa tou apeprè 36 milyon dola nan Pwogram Pòt Ouvè (Open Door) pou Prezèvasyon ak Devlopman Lojman Vil Nouyòk la, ak 10 milyon dola nan fon Lejislati Eta Nouyòk la te mete sou kote.

Pou reponn ak opinyon kominote a k ap mande pou lojman ki pi abòdab, pwojè a kounye a ofri yon melanj revni elaji, ak inite disponib pou kay ki touche ant 40 ak 100 pousan nan Revni Mwayen Zòn nan. Prèske 30 pousan nan inite yo pral sèvi kay ki touche ant 40 ak 60 pousan AMI a — sa ap asire ke plis fanmi Harlem, ki gen ladan fanmi ki gen pi ba revni, ka jwenn aksè ak opòtinite sa a pou vin pwopriyete kay.

Pwojè redevlopman sa a pral ranplase ansyen prizon uit (8) etaj ki vid kounye a nan adrès 31-33 West 110th Street la ak yon nouvo bilding 22 etaj, ki mezire jiska 14,864 mètr kare (160,000 pye kare) brit pou plizyè itilizasyon, ki sitiye dirèkteman anfas Central Park. Enstalasyon an te fèmen nèt an 2019. Bilding lan pral gen jiska 105 inite kay pou moun ki gen restriksyon sou revni, ki varye ant yon chanm ak twa chanm, epi jiska 7,626 pye kare brit espas enstalasyon kominotè nan redchouse a.

Yo [te chwazi yon fason konpetitif](#) an desanm 2023 yon ekip devlopman kote se majorite nan Biznis ke Minorite ak Fanm yo Posede (Minority and Women Owned Business Enterprises, MWBE) — ki se Infinite Horizons, LLC, L+M Development Partners, LLC, Urbane Development Group, LTD, ak Lemor Development Group, LLC. Pwojè a prevwa jenere apeprè 370 djòb ki gen rapò ak konstriksyon ak 39 djòb pèmanan, avèk objektif anbochaj lokal ak kontra MWBE.

Konsèy Administrasyon ESD a te adopte yon Plan Pwojè Jeneral pou pwojè a an desanm 2024 epi li te afime li an mas 2025 apre yon revizyon anviwònmanal anba SEQRA. Yo prevwa pwojè a ap fini epi l ap gen moun k ap viv ladan l nèt ale nan ane 2028.

Agenda Lojman Gouvènè Hochul la

Gouvènè Hochul angaje l pou l abòde kriz lojman Nouyòk la epi fè eta a vin pi abòdab ak pi vivab pou tout Nouyòkè yo. Depi ane fiskal 2023 a, Gouvènè a te travay pou ogmante rezèv lojman atravè prèske 4 milya dola nan investisman sibler, yon Plan Lojman konplè, li te aplike nouvo pwoteksyon pou lokatè ak pwopriyetè kay epi li te garanti yon fon kapital 500 milyon dola pou devlope jiska 15,000 nouvo kay sou pwopriyete eta.

Anba lidèchip Gouvènè Hochul, HCR te kreye nouvo pwogram ki te lanse devlopman kay abòdab ak kay pou moun ki gen revni miks — pou alafwa lokatè ak pou moun k ap achte kay yo. Sa yo enkli Pwogram Kominote an Favè Lojman (Pro-Housing Community Program) an, ki pèmèt lokalite sètifye yo jwenn aksè eksklizif ak jiska 750 milyon dola nan finansman diskresyonè Eta a. Kounye a, plis pase 400 kominote te resevwa sètifikasyon an Favè Lojman, enkli Vil Nouyòk.

Bidjè Ane Fiskal 2027 Adopte konplete Plan Lojman senkan, 25 milya dola Gouvènè a pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a, ki gen ladan 10,000 ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay. Yo te kreye oswa konsève plis pase 77,000 kay jiska dat. Bidjè Egzekitif la investi tou 250 milyon dola pou akselere konstriksyon lojman abòdab pou akselere konstriksyon plizyè milye lòt kay abòdab.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)